



Pou Piblikasyon Imedya: 05/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**APRÈ VIZIT NAN KOMINOTE INONDASYON IDA AFEKTE YO, GOUVÈNÈ HOCHUL  
SIYEN DEMANN POU DEKLARASYON AKSELERE POU KATASTWÒF MAJÈ**

***Demann lan chèche soulajman finansye federal pou gouvènman lokal yo ak  
Nouyòkè yo—Yon fwa li apwouve, Deklarasyon an ap bay asistans endividyèl ak  
piblik pou Nouyòkè yo k ap rekipere anba domaj siklòn Ida***

***Nouyòkè yo ki te deplase, sa gen ladan fanmi ki pa asire yo, ap elijib pou fon pou  
Èd Lojman ansanm ak konsèy nan sitiyoasyon kriz, asistans pou chomaj,  
reparasyon kay ak sèvis jiridik***

***Gouvènè Hochul lanse nouvo sant resous sou entènèt nan [ny.gov/ida](https://ny.gov/ida) kote  
Nouyòkè yo kapab chèche enfòmasyon anplis sou pwogram asistans ki disponib  
yo ak pou jwenn aksè akabri ak manje***

***Gouvènè Hochul repati 378 milyon dola nan fon FEMA sou Rediksyon Danje ki te bay  
anvan pou ranfòse enfrastruktir Eta New York kont kondisyon meteyowolojik ekstrèm***

***Sit Depatman Sèvis Finansye a yo sitiye nan Yonkers, Mamaroneck ak tout senk  
awondisman Vil New York yo, sa gen ladan nan East Elmhurst pou ede Nouyòkè  
yo depoze reklamasyon asirans***

***Foto vizit Gouvènè a nan kominote ki afekte yo nan East Elmhurst disponib [isit  
la](#) ak [isit la](#), nan Inwood [isit la](#), nan Mamaroneck [isit la](#), nan Yonkers [isit la](#), ak  
nan Staten Island [isit la](#)***

Aprè vizit li yo nan kominote inondasyon siklòn Ida afekte yo, Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon demann pou Prezidan Biden pou yon Deklarasyon akselere pou Katastwòf Majè. Avèk apwobasyon Prezidansyèl la, deklarasyon an ap bay asistans endividyèl ak piblik pou Nouyòkè elijib yo k ap rekipere anba domaj tanpèt la. Atravè demann deklarasyon an, Gouvènè a ap mande pou Nouyòkè yo ki te deplase oswa soufri domaj akòz tanpèt la, sa gen ladan sila yo ki pa te gen asirans kont inondasyon, kapab resevwa asistans yo bezwen. Gouvènè a te anonse tou lansman nouvo sant resous sou entènèt pou Nouyòkè ki afekte yo, disponib nan [ny.gov/ida](https://ny.gov/ida). Sant lan bay enfòmasyon sou pwogram asistans ki disponib yo ak kote pou jwenn sèvis tankouabri epi aksè ak manje. Yo pral mete enfòmasyon sou sit la ajou amezi gen plis resous pou Nouyòkè yo ki vin disponib. Anplis de sa, Eta a ap fè patenarya avèk Vil New York pou sipòte Sant Sèvis Rekipasyon Ida yo. Sant sa yo te jwenn sipò responsab eli yo ki reprezante kominote ki afekte yo epi pral ofri enfòmasyon sou tout resous ak asistans ki disponib yo.

Gouvènè Hochul te repati 378 milyon dola tou nan finansman pou rediksyon danje ki te bay anvan ki soti nan FEMA ki konsakre pou ranfòse enfrasrikri Eta New York kont kondisyon meteyowolojik ekstrèm.

"Nouyòkè yo toujou nan rekiperasyon anba domaj nan kominote nan rejyon sid Eta nou an, epi demann sa mwen siyen ak soumèt bay Prezidan Biden lan kapab sekirize resous finansye nou dwe Nouyòkè yo ki te soufri devastasyon inimaginab akòz tanpèt la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te wè kè brize ak doulè fanmi sa yo ak je mwen epi mwen pwomèt mwen p ap bliye yo epi ap asire yo jwenn resous yo bezwen pou rekiperè. Ekip sèvis rekiperasyon ak sipò nou yo sou plas, ap double efò reparasyon nou yo jiskaske Nouyòkè yo kapab kanpe sou pye yo ankò".

Yon Deklarasyon Katastwòf Majè ap mennen nan asistans finansye ki soti kote gouvènman federal la k ap pèmèt kominote lokal ak chak grenn Nouyòkè kontinye rekiperasyon yo. Asistans lan gen ladan finansman pou mezi pwoteksyon ijans yo, ranmasaj debri, ak reparasyon nan enfrasrikri ak batiman piblik yo ansanm ak sipò dirèk pou moun yo ak mèt kay yo. Nouyòkè yo gendwa kapab resevwa fon tou pou lòt depans ak bezwen enpòtan pou moun ki pa asire oswa ki pa byen asire ke katastwòf la lakòz tankou reparasyon oswa ranplasman pwopriyete pèsònèl oswa fon pou deplase ak estoke oswa swen medikal, dantè ak gadri. Mèt kay yo ak lokatè yo ta dwe fè tout efò pou dokimante pèt yo.

Si li apwouve, mèt kay ki kalifye yo pral travay dirèkteman avèk FEMA pou jwenn finansman. Asistans lan kapab gen ladan fon pou inite lojman tanporè, lojman ak reparasyon ale, konsèy nan sityasyon kriz, asistans pou chomaj ak sèvis jiridik.

Menm lè premye entèvnan ak ekip jesyon ijans yo nan New York te rete sou plas pou ede patnè lokal yo avèk operasyon entèvansyon nan sityasyon tanpèt la, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la te deplwaye espesyalis pou evalye domaj pou aplike pou èd federal nan sityasyon katastwòf. Eta a te rete an kontak regilye avèk FEMA ak patnè lokal yo atravè pwosesis sa a pou fè presyon pou yon revizyon akselere bò kote federal la yon fwa evalyasyon domaj preliminè yo fini.

Akòz efò sa yo, apèn nan premye jou evalyasyon yo, ekspè eta ak federal yo te estime tanpèt sa te lakòz plis pase 50 milyon dola domaj nan enfrasrikri ak pwopriyete piblik. Y ap chèche finansman pou soutni restorasyon enfrasrikri piblik yo pase pa Pwogram Asistans Piblik (Public Assistance Program) FEMA a ki ofri ranbousman pou gouvènman lokal yo apre Prezidan an fin deklare yon katastwòf pou aktivite tankou retire debri, mezi pwoteksyon nan ka ijans, reparasyon ak rekonstriksyon enfrasrikri piblik ki te andomaje tankou wout, lekòl pon, pak, lopital, pòs polis, kazèn ponpye, enstalasyon tretman dlo ak dlo ize ak lòt enstalasyon piblik.

Anplis de sa, Gouvènè a ap mande finansman federal atravè Pwogram Asistans Endividyèl FEMA a pou 14 konte. Pwogram sa a bay sipò dirèk pou moun ak fwaye yo. Atravè pwosesis evalyasyon domaj inisyal la, espesyalis eta, lokal ak federal yo detèmine plis pase 1,200 rezidans ki te soufri domaj.

Gouvènè a ankouraje responsab lokal yo nan konte ki afekte yo pou kontinye travay ak Jesyonè Ijans Konte yo a pou soumèt bezwen resous dirèkteman nan NY Responds (NY Reponn), sistèm ki baze sou entènèt eta a ki pèmèt gouvènman lokal ak ajans eta yo soumèt epi pataje enfòmasyon vital ki gen rapò ak ijans ak demann pou resous.

Anba direksyon Gouvènè Hochul, resous entèvansyon ijans ajans yo nan eta a toujou sou plas jan sa nesesè pou ede patnè lokal yo nan efò netwayaj ak reparasyon yo. Premye entèvnan eta ak lokal yo kontinye byen angaje yo nan sipòte gouvènman lokal yo pandan entèvansyon ak operasyon netwayaj apre tanpèt la.

## **Aktivite Entèvansyon Ajans ki Ankou**

### **Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS)**

Sant Kòmman Mobil Depatman Sèvis Finansye a pral opere soti 9 a.m. rive 5 p.m. chak jou nan lokal ki seleksyone yo nan konte Eta Ijans Depresyon Twopikal te afekte yo jsikaske bezwen pou asistans yo a bese. Inite mobil yo pral bay Nouyòkè yo enfòmasyon sou asirans konsènan kouvèti polis asirans pou pèt yo ak sijesyon sou fason pou dokimante pèt yo ak pwoteje pwopriyete yo. Randevou yo pa nesesè epi si yon moun pa kapab vini an pèsòn, li kapab jwenn asistans tou lè li rele Liy Dirèk Depatman an pou Katastwòf nan 800-339-1759, chak jou, 8:30 am pou 4:30 p.m. epi lè li antre sou sitwèb Depatman an nan [https://www.dfs.ny.gov/consumers/help\\_for\\_homeowners/disaster\\_flood](https://www.dfs.ny.gov/consumers/help_for_homeowners/disaster_flood).

DFS aktyèlman ap anvizaje pou idantifye opòtinite pou elaji prezans ekip ak resous li yo nan lokal ki afekte yo.

### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)**

DHSES kontinye kowòdone avèk ajans patnè nou yo nan nivo lokal, eta ak federal nan kad efò entèvansyon yo. Sant Operasyon Eta Ijans Eta a aktif epi rete angaje avèk ajans yo nan eta a ki enplike nan misyon netwayaj. Ekip DHSES yo sou plas ap sipòte efò sa yo epi pral kontinye bay resous anplis pou gouvènman lokal yo ak jesyonè ijans konte yo pandan tout pwosesis la.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal**

Apati itilizasyon dwòn ak lòt teknoloji, Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC), gad forè, ekspè Jesyon Ijans, entèvnan pou devèsman, ak lòt pèsònèl pral kontinye evalye enpak tanpèt la apre pasaj Ida, sa gen ladan domaj potansyèl nan enfrastrikti dlo ize, devèsman petwòl ak entegrite baraj ak dig yo.

DEC raple Nouyòkè yo ke si petwòl, pwodui chimik oswa lòt materyèl danjere afekte dlo inondasyon yo, tanpri rele liy dirèk sou devèsman DEC la (1-800-457-7362) <https://www.dec.ny.gov/chemical/87175.html>.

### **Depatman Sèvis Piblik**

Sèvis piblik New York genyen apeprè 6,000 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta a. Pèsònèl nan DPS (Depatman Sèvis Piblik) la yo kontinye retrace travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout aktivite reparasyon apre tanpèt la epi pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsònèl

ki apwopriye yo nan rejyon ki plis afekte yo. Objektif aktivite reparasyon apre tanpèt la konsantre sou rejyon nan sid Eta a tanpèt la te plis afekte.

### **Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)**

Depatman Transpò a gen plis pase 3,150 travayè k ap ede re-ouvri an tout sekirite wout yo epi asire wout yo rete san danje pou tout itilizatè yo.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta New York te bay enstriksyon ak Manm Patwouy yo pou yo rete vijilan epi siveye depre kondisyon yo pou nenpòt ki pwoblèm. Yo pral deplwaye pèsònèl anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Tout veyikil touteren yo ak tout veyikil espesyalize yo, ki gen ladan Veyikil Touteren Sèvis Piblik yo, ap an sèvis.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)